

RINGKESAN

Pengaruh Kaayaan Sosial Ekonomi Kulawarga Sareng *Self-Efficacy* Kana Hasil Diajar Murid Dina Pangajaran Ekonomi. Pananglutikan ieu ngagaduhan tujuan pikeun : 1) nguningaan gambaran umum kaayaan sosial ekonomi kulawarga, *self-efficacy* sareng hasil diajar murid kelas XI IIS SMA Negeri wilayah pakidulan kabupaten Subang. 2) pikeun nguningaan sabaraha ageing pangaruh kaayaan sosial ekonomi kulawarga kana hasil diajar murid dina pangajaran Ekonomi. 3) pikeun nguningaan sabaraha ageing pangaruh *self-efficacy* kana hasil diajar murid dina pangajaran ekonomi, sareng 4) kanggo nguningaan sabaraha ageung pangaruh kaayaan sosial ekonomi kulawarga sareng *self-efficacy* kana hasil diajar murid dina pangajaran ekonomi. Panalungtikan ieu ngagunakeun metode survey, nujanten conto panalungtikan ieu nyaeta sadayana murid kelas XI IIS SMA Negeri sakabupaten Subang wilayah pakidulan. Alat kanggo nganilaina nyaeta ngagunakeun angket anu disebar. Analisis data dilaksanakeun ganggo program *SPSS 2.0 for windows*. Hasil panalungtikan nunjukeun 1) gambaran kaayaan sosial ekonomi kulawarga, *self-efficacy* sareng hasil diajar murid kelas XI IIS SMA Negeri sakabupaten Subang wilayah pakidulan aya dina kategori pangluhurna nyaeta 67,12%, 63,70% sareng 58,22%. 2) teu aya pangaruh kaayaan sosial ekonomi kulawarga kana hasil diajar murid kelas XI IIS SMA Negeri sakabupaten Subang wilayah pakidulan dina pangajaran ekonomi, dimana nilai signifikansi 660 ieu langkung ageung atanapi langkung 0,05 hartosna teu aya pangaruh anu nyata. 3) aya pangaruh *self-efficacy* kana hasil diajar murid kelas XI IIS SMA Negeri sakabupaten Subang wilayah selatan pakidulan dina pangajaran ekonomi, anu nilai signifikansina 0,000 dimana nilai ieu langkung alit atanapi kirang ti 0,05 anu hartosna aya pengaruh anu nyata. 4) teu aya pangaruh tinu kaayaan sosial ekonomi kulawarga kana hasil diajar murid sareng aya pengaruh tinu *self-efficacy* kana hasil diajar murid kelas XI IIS SMA Negeri sakabupaten Subang wilayah pakidulan dina pangajaran ekonomi

Konci: Kaayaan Sosial Ekonomi Kulawarga, *Self-Efficacy*, Hasil diajar